



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU 82.7 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN ENFRASTRIKTI NAN KONTE CHAUTAUQUA

78 milyon dola pou reyabilite pon Interstate 86 yo sou Chautauqua Lake pral kòmanse

Konklizyon yon pwojè amelyorasyon otowout ki koute 4.7 milyon dola nan Vil Jamestown

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te mete aksan sou 82.7 milyon dola nan investisman enfrastrikti pou Konte Chautauqua, ki gen ladann kòmansman yon gwo pwojè reyabilitasyon pon yo ak finisman sibstansyèl yon pwojè amelyorasyon otowout multi-modal. Yon pwojè 78 milyon dola ap kòmanse pou reyabilite pon ki konkete Interstate 86 la - ke yo rele tou Southern Tier Expressway - sou Chautauqua Lake nan vil Ellery ak North Harmony nan Konte Chautauqua. Anplis de sa, yon pwojè 4.7 milyon fini yon fason sibstansyèl, sa k ap reyabilite State Route 430, Washington Street, soti nan 2nd Street jiska Fluvanna Avenue, ak State Route 394, Fairmount Avenue, soti nan McDaniel Avenue rive nan Fairmount Avenue/6th Street nan vil Jamestown nan Konte Chautauqua.

"Pou asire ke kominote nou yo ak ekonomi nou an nan tout rejyon yo nan eta a kontinye grandi ak pwospere, Eta New York ap fè envestisman pou ranfòse ak solidifye enfrastrikti nou an pou rankontre ak depase defi 21èm Syèk yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chautauqua Lake, ak bote natirèl li ak abondans atraksyon lokal yo, se youn nan premye destinasyon pou vizitè yo nan Lwès New York, pandan ke Vil Jamestown kontinye atire nouvo rezidan ak vizitè yo chak ane. De pwojè sa yo nan Konte Chautauqua se dènye egzanp envestisman sible nou yo ki pral amelyore alafwa rezistans ak dirabilite nan Lwès New York."

Pon Interstate 86 yo

Kat estrikti pon k ap pase sou Chautauqua Lake la pral resevwa nouvo sifas wout ak lòt reparasyon pou amelyore sekirite, fasilite vwayaj ak amelyore rezistans nan koridò enpòtan sa a ki konekte rejyon Southern Tier nan New York ak nòdwès Pennsylvania. Pwojè a pral pwolonje dire lavi sèvis pon yo, ki te bati nan kòmansman ane 1980 yo, pandan apeprè 40 ane. Pon yo sitiye sou segman lwès Interstate 86 ki swiv koridò orijinal State Route 17 la, ki pwolonje soti nan Pennsylvania rive atravè Southern Tier

nan New York, k ap sèvi vil kle tankou Jamestown, Salamanca, Olean, Corning ak Elmira.

Nan kad pwojè a, pon prensipal ki mezire 3,790 pye longè ki travèse Chautauqua Lake ak de estrikti pon ki mezire 500 pye longè ki separe ekstremitè lès pon prensipal la, epi ki konekte liy sikilasyon ki bay nan direksyon lès ak direksyon lwès la pral resevwa nouvo platòm pon an beton, baryè pon, apui ak reparasyon asye. Twa estrikti sa yo totalize 24 travès. Yon katriyèm estrikti pon ki konekte ranp I-86 ki bay nan direksyon lwès ak State Route 430 pral resevwa tou nouvo jwenti pon epi yo pral refè sifas li.

Travay sou pwojè a pral pwogrese sou kat sezon konstriksyon, ak premye travay ki konsantre sou kreyasyon liy kwazman pou deplase sikilasyon pandan pwochen faz pwojè yo. Y ap kenbe yon liy trafik nan chak direksyon I-86 pandan majorite pati pwojè a, sepandan, otomobilis yo ta dwe prepare pou kèk fèmte otowout la lannwit an 2024 ak 2025 pou fasilite yo koule nouvo platòm pon yo. Pandan tan sa a, yo pral akomode sikilasyon lannwit lè yo sèvi avèk deviyasyon andeyò sit la. Pwojè a prevwa fini nan otòn 2026.

Pwojè Jamestown lan

Pwojè Jamestown lan, ki pral fini yon fason sibstansyèl nan fen mwa jen, te aplike yon rejim wout sou Washington Street ki gen ladann konvèti kat liy an twa liy sikilasyon sou Washington Street soti nan Fluvanna Avenue rive nan West Second Street. Sa a pèmèt enstalasyon yon liy pou vire agoch ki gen de vwa. Nouvo liy bisiklèt, ki separe pa yon tanpon ak sikilasyon veyikil, pral lonje tou de bò Washington Street la.

Yon rejim woutye ki tipikman enplike transfòmasyon yon wout nan diminye liy wout yo sou yon wout nan chak direksyon, ki asosye ak yon varyete amelyorasyon ki ta ka gen ladan twotwa, liy bisiklèt, liy otobis oswa liy pakin. Tradisyonèlman, sa yo se pwojè nan pri ki ba ki ta ka senp tankou reyamenaje wout la, diminye vitès ak ogmante mobilite ak aksè pandan y ap amelyore sekirite pou tout itilizatè yo.

Yo te refè sifas alafwa Washington Street ak Fairmount Avenue, ki makonnen ak amelyorasyon drenaj.

Anplis de sa, yo pral ranplase oswa modifye onz pano sikilasyon sou Washington Street ak Fluvanna Avenue, epi yon nouvo yo pral enstale yon nouvo pano sikilasyon sou West 6th Street nan Whitley Avenue. Yo te amelyore enstalasyon pyeton lè yo enstale nouvo ranp twotwa ak pasrèl, epi yo pral enstale nouvo pano pyeton ki gen minitri pou dekont.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Gouvènè Kathy Hochul ap fè envèstisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti transpò New York la pou pi byen sipòte ekonomi lokal yo. Chautauqua Lake se yon jwayo ke chak Nouyòkè ta dwe pran plezi pou yo fè eksperyans ak li, epi pwojè sa a pral ede asire ke vizitè yo ka ale soti nan yon ekstremitè nan lak la pou rive nan yon lòt pou jwi tout sa mèvyè natirèl sa a gen pou

ofri. Epi travay DOT pou reyabilite Washington Street ak Fluvanna Avenue pral sètènman kontribye nan revitalizasyon kontinyèl Jamestown epi li pral bay pi gwo aksè pou pyeton, siklis ak otomobilis yo nan zòn anba lavil la."

Yo [te nonmen Jamestown yon ganyan Faz 1](#) nan ka Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la pou Lwès New York an 2016. Anpil patnè nan sektè prive ak piblik la ansanm avèk angajman renouvle vil pou revitalize Jamestown te lakoz nan investisman enpòtan anba lavil, sa ki gen ladan Sant Komedi Nasyonal ak plizyè lòt gwo bilding ki gen plizyè itilizasyon. Inisyativ sa yo te prepare anba lavil la pou yon seri nouvo investisman epi DRI te pwofite potansyèl sa a pou kreye yon sant vil ki vrèman enklizif pandan tout ane a pou alafwa aktyèl ak pwochen rezidan yo ak vizitè yo. Avèk plis pase 100 bilding ki gen ladan yon zòn 30 blòk, anba lavil Jamestown gen dezyèm pi gwo enprent devlopman nan anba lavil Lwès New York. Nan kad DRI a, Jamestown te konsantre sou amelyorasyon lari yo, redevlopman bilding istorik yo, ak redevlopman bò rivyè.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Amelyorasyon ak ranfòse enfrastrikti transpò a se yon fondman endispansab pou yon revitalizasyon kominotè dirab. Investisman yo nan sant vil Jamestown pral kreye yon peyizaj ki pi fasil pou mache, ki pi pratik pou moun ki konplete ak ranfòse investisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ki egziste deja epi kontribye nan sant vil la k ap boujonnen an. Nou remèsye DOT paske li se yon patnè entegral konsa nan renesans revitalizasyon anba lavil New York la."

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Anons jodi a se yon gwo nouvèl pou Konte Chautauqua ak tout rejyon lwès New York la. Wout ak pon ki an sekirite yo esansyèl pou pwoteje piblik la ak sipòte ti biznis ak fèm yo ki estimile ekonomi nou an. Depi lè mwen te an fonksyon antanke yon lejislatè konte rive nan sèvis mwen nan Sena Eta a, youn nan pwoblèm mwen te pale sou yo se nesesite pou ogmante depans pou amelyore ak kenbe wout, pon ak otowout nou yo. Investisman sa a nan wout ak pon Konte Chautauqua yo pral ranfòse enfrastrikti nou yo epi sipòte renesans ekonomik ki deja fèt nan kominote nou an. Chak rejyon, chak katye merite yon opòtinite egal pou pwospere epi se sa finansman sa a pral fè. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Komisyonè DOT Dominguez paske yo rekonèt nesesite pou sipòte piblik vwayajè ak kominote yo nan Lwès New York."

Egzekitif Konte Chautauqua a, PJ Wendel, te deklare, "Pon Interstate 86 sou Chautauqua Lake se yon wout enpòtan pou Konte Chautauqua ak rejyon an antye; alafwa pou ekonomi an ak sekirite piblik la. Pwojè Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la pral ede kenbe yon wout ki an sekirite pou ane k ap vini yo."

Majistra Jamestown la, Eddie Sundquist, te deklare, "Mwen akeyi Komisè Dominguez nan zòn Jamestown lan epi mwen remèsye NYSDOT pou travay di yo nan pwojè Washington Street la ak Fairmount Avenue. Pwojè sa yo pral non sèlman amelyore kalite wout yo, men tou, fè Jamestown vin pi an sekirite lè yo diminye kantite

liy yo ak plis milti-modal ak adisyon liy bisiklèt yo. Mwen pa ka tann kolaborasyon kontinyèl avèk Komisè Dominguez ak NYSDOT nan Jamestown."

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, [511](tel:511), vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Suiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYSDOT](https://twitter.com/NYSDOT) ak [@NYSDOTBuffalo](https://twitter.com/NYSDOTBuffalo). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)